# ТОВАР - МАТЕРИАЛЛЫҚ ЗАПАСЛАРДЫ ПАЙДАЛАНЫЎДЫҢ АНАЛИЗИ

**Н.Есбосынов – ҚМУдың 1-курс**
**Бухгалтерия есабы магистранты**

Өнимлерди өндириўди шөлкемлестириўде материаллық – запаслардан үнемли пайдаланыў үлкен әҳмийетке ийе. Елимизде болып атырған экономикалық реформаларды есапқа алған ҳалда өнимлердиң өзине түсер баҳасын жоқарылатпайтуғын жаңа технологияларды өндириске енгизиў зәрүр. Экономикалық реформаларды тереңлестириў ҳәм экономиканы еркинлестириўдиң тийкарғы бағдарлары төмендегише әмелге асыўы зәрүр:

- макроэкономикалық турақлылықты тәмийинлеў;
- мүлкти мәмлекетлик меншиктен шығарыў ҳәм меншиклестириў процессин тереңлестириў;
- сыртқы экономикалық сиясатты еркинлестириў, бажыхана төлемлерин әпиўайыластырыў ҳәм экспортты кеңейтиўди хошаметлеў;
- материаллық запаслардан ҳәм тәбийий ресурслардан үнемли ҳәм ақылға муўапық пайдаланыў;
- финанслық ресурсларын үнемлеў, берилген кредиттиң өз ўақтында қайтарылыўына ерисиў;
- сырт ел инвестициясын өндириске тартыўды хошаметлеў;

Өнимлерди өндириўши кәрханаларда өнимлердиң өндирилиўиниң орынланыўы, олардың сатылыўы бойынша мағлыўматлар белгиленген есап формаларынан алынады. Жүклеп жиберилген өнимлер ҳәрекетиниң есабы ведомостларда көрсетиледи.

Өнимлерди өндириў менен байланыслы болған қәрежетлерден басқа өнимлерди сатыў менен байланыслы болған қәрежетлерге коммерциялық қәрежетлер делинеди. Өндирис процессинде жергиликли өнимлерди есапқа алып барыў үлкен әҳмийетке ийе. Оның есабын дурыс шөлкемлестириў акционерлик жәмийттиң жақсы нәтийжелерге ерисиўине алып келеди. Өндирис процессиниң тийкарғы баслы жетискенлиги болып жергиликли өнимлер есапланады. Өнимлер - бул кәрханада қайта ислеўден өткен, стандартларға ҳәм техникалық шәртлерине толық жуўап беретуғын, техникалық қадағалаў бөлиминен ямаса арнаўлы комиссия тәрепинен қабылланған ҳәм кәрхананың складына тапсырылған ямаса буйыртпашы тәрепинен қабылланған өним болып есапланады.

Өнимлерди өндириўдиң ҳақыйқый өзине түсер баҳасын есабат дәўир тамамланғаннан соң анықлаў мүмкин. Жергиликли өнимлер ҳәрекетиниң күнделикли есабы өндирислик жобадағы өзине түсер баҳада, ямаса кәрхананың шәртнама баҳасында, ямаса есап баҳасы деп аталатуғын усақлап сатыў баҳаларында жүргизиледи.

Өнимлер ҳәрекетиниң есабын дурыс есаплаў олардың номенклатураларын ислеп шығарыў үлкен әҳмийетке ийе. Өнимлер номенклатурасы - бул бир кәрхана тәрепинен өндирилетуғын буйымлар түрлери атамаларының дизими. Өнимлер номенклатурасын дүзиўде бир буйымды екиншисинен ажратып алыў имканиятын беретуғын таяр

өнимлердиң мәлим белгилерине қарай классификациялаў тийкар болады. Номенклатура номери түрли муғдардағы санлар менен белгилениўи мүмкин.

Өнимлерди жүклеп жибериў буйрық накладнойы менен ҳүжжетлестириледи, бунда еки документ бириктирилген склад буйрығы ҳәм жөнетип жибериў накладнойы. Склад буйрығы сатыў бөлиминде сатып алыўшылар менен шәртнама тийкарында жазылады. Бунда сатып алыўшылардың аты,оның коды,өнимниң саны ҳәм ассортименти, жүклеп жибериў мүддети көрсетиледи. Материаллық жуўапкер адам өнимлерди ҳәр бир буйрық бойынша комплектлейди ҳәм жиберилди деген графадағы санды жазып алып жөнетип жибериў ўшын экспедиторға береди. Документке сатыў бөлиминиң баслығы, кладовщик ҳәм экспедитор қол қойады. Буйрық накладной еки экземплиярда толтырылады. Келеси күни өнимлер жүкленип жиберилгеннен кейин экспедитор приказ накладнойды ҳәм транспорт шөлкеминиң квитанциясын кәрхананың бухгалтериясына тапсырыўы шәрт. Сатылған жергиликли өнимлерден кәрхананың есап бетине пул түсимлери келип түседи.

Енди биз «Гулайым» жуўапкершилиги шекленген жәмийетинде материаллық запаслардан пайдаланыў жағдайын изертлеп көремиз.

**2012-2014 жылларда «Гулайым» жуўапкершилиги шекленген жәмийетинде материаллық запаслардан пайдаланыў анализи**

1- санлы кесте (мың сумда).

| № | Көрсеткишлер | 2012 жыл | 2013 жыл | 2014 жыл | Өзгерис (+, -) | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | 2012 жылға | 2013 жылға |
| 1 | Өндирислик запаслар | 47488,0 | 127539,0 | 140634,0 | 93146 | +13095 |
| 2 | Товарлар | 75123,0 | 191692,0 | 114922,0 | 39799 | -76770 |
| 3 | Жәми: | 122591,0 | 319231,0 | 255556,0 | 132965 | -63675 |

«Гулайым» жуўапкершилиги шекленген жәмийетинда өндирислик запаслар 2012 жылға салыстырғанда 93146 мың сумға көбейген, ал өткен жылға салыстырғанда 13095,0 мың сумға көбейген, товарлар 2012 жылға салыстырғанда 39799 мың сумға көбейген, бирақ өткен жылға салыстырғанда 76770 сумға кемейген. Жәми товар-материаллық запаслар 2012 жылға салыстырғанда 132965 мың сумға көбейген, бирақ өткен жылғасалыстырғанда 63 675, 0 мың сумға кемейген. Бул жерде айтып өтиў керек өндирислик запаслардың көбейиўи товар өнимлерин көбирек исмлеп шығарыўға ҳәм өнимлерди көбирек сатыўға өзиниң унамлы тәсирин тийгизеди. Бирақ товар - материаллық запасларының кәрханада кемейип барыўы, кәрхананың жақсы финанслық нәтийжеге ерисиўинде өзиниң кери тәсирин тийгизеди. Соның ушын кәрхана материаллық - апаслардың көбирек топланыўына итибар қаратса мақсетке муўапық болар еди.